

July 9, 2020 ParentLink Message

Hello, Lake Forest Lafanmi. Se direktè lekòl pitit-ou, Sharon Boyd Kòl sa va enfòmè ou sou ane eskolè k'ap vini an.

Sante, sekirite, ak byennèt elèv ak estaf nou rete pi wo priyorite nou nan tan ensèten n'ap viv kounyea akòz pandemi kowonaviris. Sòf si gen direktiv ak enstriksyon enpòtan oswa kontrè, nou ta resevwa pi ta, lekòl Distri a, san bliye lekòl Lake Forest Elementary, va louvri pou rantrè lekòl ane eskolè 2020/21. Le Madi, 14 Jiyè, 2020, Manm School Board va kontinye diskite tout opsyon konsènan re-ouvèti lekòl. Nou konprann fanmi gen bezwen diferan epi nap travay pou kreye opsyon ki mye adapte a bezwen-yo. Pou nou menm, vwa ou konte anpil. Si ou poko patisipe nan sondaj-la, nou va mande ou konplete Kesyonè Pre-Rejistrasyon Lekòl, ki espesifik a elèv. Sa va pèmèt nou ede nan plannifikasyon bezwen pitit-ou. Ou ka gen aksè nan Pre-Rejistrasyon Kesyonè (Pre-Registration Questionnaire) lè ou konekte ak idantifikasyon inik pitit-ou sou LaunchPad, sit sso.browardschools.com. Si ou konplete kesyonè a deja epi ou ta renmen chanje premye seleksyon ou, ou ka modifye preferans ou. Pou fè sa, retoune konekte nan sondaj la epi reponn kesyon sondaj la ankò. Tanpri konplete kesyonè a Vandredi, 10 Jiyè, 2020, anvan 11:59 p.m., se dènye delè.

Opinyon ak fidbak ou enpòtan anpil. Epitou n ap kontinye mande opinyon ou pandan chak etap plannifikasyon. Nou va voye ba-ou regilyèman kominikasyon pou rekeyi kòmantè ak opinyon ou. Nou antisipe yon kolaborasyon dirab ak ou, bòkote pa nou nap prepare nou pou reouvèti lekòl ane eskolè 2020/21. Pase yon bon jounen.